



ZVIITIKO ZVEKUPEDZISIRA PANYIKA

Chidzidzo 12 cha Chikumi 22, 2024

LEY
I

TAM KAT...
II

DE DIOS
V

III

IV
DIOS



X

*"Tenga zokwadi, urege kuzoitengesa ze;
Uye vucenjeri, nedzidzo, nenjere".
(Zvirevo 23:23)*



Magumo acharatidza kuguma kwenhorondo kuparidzwa kweVhangeri pasi rose (Mateo 24:14).

Kuparidza uku kuchatangirwa nekudururwa kwaMweya Mutsvene, nesimba rimwechete rakaburuka paPentekosti. Chiitiko ichi chinozivikanwa nekuti “mvura yokuteuerera”.

Ndiani achawana mvura yekupedzisira? Vaya vakasarudza kuva vakatendeka kuna Mwari, vachiteerera mirayiro yake, uye vachimurumbidza zvakakodzera. Ava vachanembwa ne “cisimbiso caMhari mupenyu” (Zva. 7:2).



Kugadzirira dambudziko rekupedzisira:



Kutungamirirwa neShoko.



Chisimbiso pahuma.



Kuvimbika mukunamata.



Simba rinobva kumusoro:



Mvura yokuteuerera.



Kuparidzwa kweVhangeri.




KUGADZIRIRA DAMBUDZIKO REKUPEDZISIRA

KUTUNGAMIRIRWA NESHOKO

“Shoko renyu ndiwo mnenje wetsoka dzangu, Neciedza panzira yangu” (Mapisarema 119:105)

Unoziva here kwokuwana chokwadi pamusoro pokuguma kwenyika? Iyi ndiyo nzira:

“Tenga zokwadi, urege kuzoitengesa ze” (Zvi. 23:23)




**“Mucaziwa zokwadi”
(Johani 8:32)**

**“shoko renyu izokwadi”
(Johani 17:17)**

**“Kuzarurwa kwamashoko enyu kunopa ciedza;
Kunopa njere uasinamano” (Mapis. 119:130)**

Munguva dzekupedzisira Satani achatenderwa kuita zvishamiso chaizvo uye kuita hunyengeri husinganyatsooneki husingarambika (Zva. 13:13-14; Mt. 24:24).

Ruzivo rwakakwana rweBhaibheri badzi, nerubatsiro rwaMweya Mutsvene, zvichatitendera kuti tirambe takasimba muchokwadi(2 Pet. 1:19-21).





CHISIMBISO PAHUMA

“Zino ndakatarira, ndikavona Gwaiana rimire pagomo reZioni, rinavambe vanezuru zinezana namakumi manna navanna, vanezita raro, nezita raBaba varo, rakanyorwa pahuma dzavo” (Zvakazarurwa 14:1)

Chisimbiso chaMwari chinoziviswa nenzira nhatu dzakasiyana:

1. Mweya Mutsvene. Vatendi venguva dzose vakaiswa chisimbiso naye (VaEf. 4:30).
2. Zita, kana kuti hunhu hwaMwari. Vese vanowana kukunda vachava nacho (Zva. 14:1; 22:4).
3. Chiratidzo chinozivikanwa (Zva. 9:4; Izi. 9:4).

Mwari akasiya chisimbiso chake pane mumwe wemirairo gumi, sechiratidzo chakasiyana chevanomunamata (Izi. 20:20).



Zvinoumba chisimbiso	Muenzaniso: euro coin (Spain)	Sabata (Ekisodho 20:8-11)
Zita	Philip VI	Jehovah
Chigaro	Mambo	Musiki
Nharaunda inotongwa	Spain	Denga napasi, negungwa



CHISIMBISO PAHUMA

“Zino ndakatarira, ndikavona Gwaiana rimire pagomo reZioni, rinavamhe vanezuru zinezana namakumi manna navanna, vanezita raro, nezita raBaba varo, rakanyorwa pahuma dzavo” (Zvakazarurwa 14:1)



Chisimbiso, chiratidzo kana munembo chinogona kugamuchirwa nenzira mbiri dzakasiyana: pahuma kana paruvoko. Nepo vakatendeka vachachigamuchira pahuma dzavo, vasingatendi vachachigamuchira pahuma dzavo kana mumaoko avo (Zva. 13:16). Chii chakasiyana?

Pahuma

MUFUNGO

Tenda kune watinonamata

Paruvoko

ZVIDISO (kuita pfuma)

Tinonamata tichitya mhedzisiro



Kunyange zvazvo Satani asina basa nezvikonzero zvokunamatwa, Mwari anongogamuchira kunamata kwomwoyo wose uye kwakakwana (VaRo. 12:1).

KUVIMBIKA MUKUNAMATA

"kuti munhu arege kuva'po unogona kutenga nokutengesa, asi iye uneciratidzo, iro zita recikara kana civerengo cezita raco"
(Zvakazarurwa 13:17)

Avo vanoramba kugamuchira munembo wechikara havagoni kutenga kana kutengesa, uye vanotyisidzirwa norufu (Zva. 13:15-17). Kune rimwe divi, kana vakarigamuchira vachawirwa nematambudziko ekupedzisira uye "rufu rwechipiri", vachirasikirwa nehupenyu husingaperi (Zva. 16:2 ; 14:9-11; 20:4, 13-15).



Asi chii chinonzi munembo wechikara? Chip, barcode, imwe mhando yekutongwa kwemuviri?



Kana Sabata chiri chiratidzo chinooneka (munembo) chevakatendeka, ko munembo wechikara hauzovi nehunhu hwakafanana here?

Sezvo Bhaibheri risingatauri nezve shanduko yezuva rekunamata, kugamuchira Svondo sezuva rekunamata kubvuma simba reSangano rakaita shanduko (unozivikanwa sa666).



Zvino tichagamuchira simba ripi? Simba resangano revanhu kana kuti simba raMwari, rinoratidzwa zvakajeka muShoko Rake?



SIMBA RINOBVA KUMUSORO

MVURA YOKUTEVERERA


"Naizozo farai, imi vana veZioni, mufarisise munaJehova Mjari wenyu; nokuti unokupai mudzidzisi wokururama, vuye unokunisirai mvura, mvura yokutanga nemvura yokuteverera, nomjedzi wokutanga" (Joere 2:23).

Muporofita Joeri anoshandisa mvura sedimikira rekudururwa kwaMweya Mutsvene (Joere 2:23, 28). Aya ndiwo mashandisiro akaitwa naPetro mukutaura kwake pazuva rePentekosti (Mabasa 2:14-17).

"Mvura" iyi inounza ruzivo rwaMwari (Hos. 6:3). Munguva yemvura yekutanga, kwakatendeuka zviuru nezviuru pazuva rimwechete (Mabasa 2:41).

Mumamiriro ekunze eMediterranean maigara Israeri, mvura yekutanga (neche kuna Gumiguru) yaigadzirira nyika kuti idyarwe. Mvura yechipiri, inozivikanwa se"yekuteverera" (munenge muna Kubvumbi), yaipa pasi simba rekumeresa zviyo.

Sematangiro akaita Sangano nemvura yeMweya Mutsvene, kuziviswa kwekupedzisira kwevhangeri, kukohwa kwekupedzisira, kuchaitika mushure mekudururwa kwemvura yekupedzisira: Mweya Mutsvene akadururwa nesimba pamusoro pevatendi vechizvarwa chekupedzisira (Zva. 18 :1).





KUPARIDZWA KWEVHANGERI

“Shure kwaizozvi ndakavona mumwe mutumwa aciburuka kudenga, anesimba guru; nyika ikavenekerwa nokubginya kwake” (Zvakazarurwa 18:1)

Johani akaona “mumwe mutumwa” aciburuka kudenga, anesimba guru. Kubginya kwemutumwa uyu kunovhenekera nyika yese (Zva. 18:1). Ishokoi rinoziviswa nengirozi iyi?

Shoko rake rakafanana neshoko remutumwa wechipiri: Bhabhironi rawa uye rasvibisa marudzi ose (Zva. 18:2-3; 14:8).

Mweya Mutsvene achaburuka nesimba pamusoro pevakatendeka “uanocengeta mirairo yaMhari nokutenda kwaJesu” (Zva. 14:12), uye vari kutoparidza vhangeri, pamwe chete neyambiro yekutanga kwekutongwa, uye nekukoka kunamata Musiki (Zva. 14:6-7).

Vatarisana nemashoko aya, uye nekuda kwesimba remvura yekupedzisira, vanhu vachatarisana nekusarudza pakati pezvaungagona zviviri: kugamuchira chisimbiso chaMhari kana munembo wechikara (Zva. 14:9-11).

Manzwi mazhinji achazivisa shoko rekupedzisira. Vazhinji vachasarudza kuva vakatendeka kusvikira kumugumo.



“Kuburuka kweMweya Mutsvene pamusoro pesangano kunotarisirwa kunge kuri mune ramangwana, asi iropafadzo yesangano kuve naye iko zvino. Mutsvage, munyengeterere, mutende. Tinofanira kuva naye, uye Denga rakamirira kutipa.” -Non Official Translation by Gift Mawoyo

EGW (Last Days Events, pg. 189)

“Asi hakuna munhu anoitwa kuti awirwe nehasha dzaMwari kutozosvikira zvokwadi yadzoswa kundangariro yake nehana, uye yarambwa. Kune vakawanda vasina kumbova nomukana wokunzwa chokwadi chinokosha chenguva ino. Chisungo chemurairo wechina hachina kumboiswa pamberi pavo muchiedza chechokwadi. Uyo anoverenga mwoyo wose, uye anoedza vavariro dzose, haazosiyi munhu anoda ruzivo rwechokwadi, kuti anyengerwe pamusoro penyaya dzegakava. Chirevo chacho hachifaniri kumanikidzirwa pavanhu noupofu. Munhu wese anofanira kuva nechiedza chakakwana kuti aite sarudzo yake nehungwaru.” -Non Official Translation by Gift Mawoyo

EGW (The Great Controversy, pg. 605)